

Etazini gen pi bon bilding  
yo ak pi bon sèvis ponpye ki  
antrene ak ekipe nan lemond,  
men yon kantite ka lanmò nan  
dife ki pa akseptab

ane, apre ane, apre ane...

Dife touye plis Ameriken pase  
tout katastwòf natirèl ansanm ...  
plis pase 50 fwa

Dife lakòz plis pase \$11 milya dola  
nan pwopriyete ki pèdi chak ane

Gen prèske 400,000 dife ki pran  
nan kay nan Etazini chak ane.

Prèske 4,000 moun mouri nan  
dife chak ane. Yon lòt 27,000  
moun pran chòk

Yon moun mouri nan dife chak  
dezèdtan

Erè moun fè se faktè ki pi  
enpòtan nan kòz dife ak nan dife  
k ap simaye

Kontrèman ak katastwòf natirèl  
yo, prèske tout ka lanmò ak pèt  
akòz dife yo kapab evite

**Enfòmasyon ki nan tiliv sa a  
ap ede ou evite posib pèt nan  
dife**

# SEKIRITE NAN DIFE SE RESPONSABLITE OU

**Andrew M. Cuomo**  
Gouvènè  
Eta New York

**John P. Melville**  
Manm Komisyon  
Depatman Sekirite Teritwa  
(Department of Homeland Security)  
ak Sèvis pou Ijans


**Bryant D. Stevens**  
Administratè Sèvis Ponpye Leta  
Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife  
(Office of Fire Prevention and Control)



**Homeland Security  
and Emergency Services**

**OFFICE OF FIRE PREVENTION  
AND CONTROL**  
Harriman State Office Campus  
1220 Washington Avenue  
Bilding 7A, Etaj 2  
Albany, NY 12226  
[www.dhSES.ny.gov/ofpc](http://www.dhSES.ny.gov/ofpc)

## PLAN POU SIVIV



KÈK TI KONSÈY SOU  
**SEKIRITE**  
NAN DIFE NAN KAY

## DIFE SE YON BAGAY KI CHO, RAPID, NWA, EPI LI BAY LAFIMEN AK VAPÈ KI DANJERE POU LAVI MOUN

Nan dezoutwa minit, tanperati ki nan yon chanm ki pran dife kapab monte nan plis pase 1000 degre. Ou pa kapab siviv nan chalè a. Ou ka mouri si ou sèlman respire lè ki ekstrèman cho a. Dife a ap double nan volim li chak 30-60 segonn. Nan sèlman dezoutwa minit, tout yon chanm, oswa menm anpil chanm, kapab pran dife nèt. Èske ou kapab travèse dife a pou rive nan pòt la? Dife a nwa. Ou p ap kapab wè. Pratike deplasman rapid ou avèk zye ou bande oswa nan yon lòt fason san ou pa wè. Lafimen touye moun. Mèb, penti, kapèt, ak anpil lòt materyèl ap degaje vapè toksik lè y ap boule. Pifò moun ki mouri nan dife mouri paske yo respire lafimen pwazon.

Ou chwazi si w ap rete an sekirite nan dife a. Si ou swiv pratik sekirite senp yo nan dife, ou kapab ede anpeche oumenm ak fanmi ou tonbe pami anpil milye moun k ap mouri nan dife yo chak ane.

## PLANIFYE DAVANS - SOTI VIVAN SI OU BLOKE NAN YON SITYASYON DIFE, PREMYE PRIYORITE OU SE SOTI LADAN VIVAN.

- Konnen de kote pou soti nan chak chanm
- Tate pòt la
- Si pòt la cho, pa louvri li.
- Itilize dezyèm kote ou pou soti oswa ale nan yon fenèt epi rele pou mande èd.
- Si pòt la frèt, rete ba epi louvri li dousman
- Tcheke pou wè si gen lafimen ak dife anvan ou soti deyò
- Soti deyò anvan ou rele nan telefòn pou mande èd. Rele 911, oswa nimewo ki gen pou wè ak pou ijans, nan yon kote ki pwoteje deyò bilding nan
- Si yon detektè lafimen disponib, redi alam nan pandan w ap soti
- Fèmen Klete pòt la dèyè ou. Sam ap ede anpeche dife a simaye epi ou ka pwoteje byen ou posede kont domaj dife a ak lafimen an.

## BESE KÒ OU KA EPI ALE

- **PA CHÈCHE LÒT MOUN OSWA PA RASANBLE AFÈ OU YO**
  - *Frape pòt yo pandan w ap deplase*
  - *Rele "dife" pandan w ap deplase*
  - *Ou pa gen tan pou fè anyen men pou sove kò ou*
- **RANPE KÒ OU BA NAN PLANCHE A**
  - *Lafimen epè kapab fè li enposib pou wè*
  - *Sibstans chimik toksik ki nan lafimen kapab vin danjere pou lavi ou nan kèk segonn*
  - *Chalè ak lafimen ap monte—lè ki pi fre ak pi san danje a pi prè pòt*
- **SI OU PA KAPAB SOTI, CHÈCHE JWENN ATANSYON YON MOUN**
  - *Fèmen pòt ou epi bouche li—eseye kenbe lafimen an deyò*
  - *Pann oswa fè siy avèk yon bagay tankou yon dra nan fenèt la pou jwenn atansyon*
  - *Rele pandan ou nan fenèt*

## CHWA OU FÈ YO AP DETÈMINE SI W AP MOURI NAN YON DIFE

OU KAPAB EVITE DIFE YO DEPI OU PRAN KÈK PREKOSYON SENP:

- **PRAN RESPONSABLITE PÈSONÈL OU POU PREVANSYON DIFE**
  - *Pa konekte twòp aparèy nan priz-kouran elektrik yo*
  - *Kite espas ant radyatè yo ak lanp alojèn yo lwen bagay ki kapab boule*
  - *Etenn bouji ak lansan yo lè ou pa la*
  - *Etenn tout materyèl k ap fè lafimen yo nèt*
  - *Pa fimen pandan ou fatigue oswa epuize*
  - *Mete griy yo lwen bilding yo*
  - *Mete alimèt ak brikè yo kote timoun pa jwenn yo*

## PWOTEJE TÈT OU POU PA BLOKE NAN YON DIFE

- **FÈ DETEKTÈ LAFIMEN YO FONKSYONE**
  - *Teste detektè lafimen yo chak mwatè*
  - *Enstale nouvo batri yo de fwa chak ane—"Chanje lòt ou—Chanje batri ou yo"*
  - *Pa janm retire batri yo pou itilize yo pou nenpòt lòt rezon*
- **PLANIFYE WOUT POU DEPLASE VIT**
  - *Konnen kote tout pòt pou soti yo ye nan bilding kote w ap viv la*
  - *Konnen de kote pou soti nan chak chanm*
  - *Kreye yon plan pou deplase vit ki idantifye de kote pou soti nan chak chanm*
  - *Pratike plan ou—pifò dife yo pran pandan lannwit lè li fènwa ak lè li difisil pou wè*
  - *Chwazi yon kote ki pwoteje pou reyini deyò yon fason pou tout moun kapab rasanble epi yon fason pou konte yo*
- **KONSIDERE TOUT LÈ ALAM DIFE YO DEKLANCHE OSERYE**
  - *Pa janm meprize yon alam dife*
  - *Pa rete tann pou wè dife a oswa lafimen an*
  - *Pa eseye pran afè ou yo.*
  - *Reponn nan chak alam dife kòm yon vrè dife*



## Enstale Awozwa nan Lakay ou pou Dife

OU SE PONPYE K AP VIV EPI KI TOUJOU AP TRAVAY

Chak ane prèske 4,000 moun mouri nan dife. Uit dife sa yo sou 10 pran nan kay moun. Awozwa pou dife sove lavi moun epi li redui domaj nan byen **paske**:

- *Awozwa yo bay tan ki enpòtan pou deplase vit*
- *90% dife sa yo metrize avèk yon tèt awozwa senp*
- *Awozwa pou dife nan kay itilize sèlman yon fraksyon nan dlo depatman ponpye itilize lè yo rive*